

# KISKEYA AQUA FERME PWOGRAM ENTANSIV AKWAKILTI TILAPIA



14 Me Pou 23 Me, 2012  
Tirivyè, Leyogan (AYITI)

Akwakilti se elvaj bèt ki viv nan dlo tankou pwason, lanbi, krevèt, elatrye. Se sektè alimante ki gen plis kwasans nan mond lan. Yon lòt nom yo bay akwilti se “Revolisyon Ble” paske li demontre kapasite l pou li kwape malnitrisyon, diminye lamizè ak kreye richès nan anpil peyi. Tilapia se pwason ki pi popilè nan akwakilti kote pwodiksyon mondyal la sòti de 830,000 tòn an 1990 pou rive a 1.6 milyon tòn nan lane 1999 poul abouti a 3.5 milyon ton an 2008. Siksè

kolosal elvaj tilapia rive paske pwason sa pa pran maladi fasil, li grandi rapid, li fè anpil pitit epi tou ou pa bezwen gwo konesans pou fè elvaj li.

Kiskeya Aqua Ferme ki se yon fèm akwakilti entegre ap lanse pwogram entansiv akwakilti tilapia kòm yon eleman ki pwal kontribye nan pote revolisyon ble a an Ayiti. Pwogram entansiv sa pwal bay patisipan yo yon konesans djamn ki pwal pemèt ou konsevwa, enplemante ak opere fèm elvaj tilapia nan etan, tank oubyen nan kaj. Pòsyon didaktik yo ap fèt nan fèm Kiskeya epi aspe pwatik yo pral fèt nan Caribbean Harvest, youn nan fèm elevaj tilapia ki pi devlope nan Karayib la ak nan fèm Kiskeya. Nou ankouraje reprezantan ONG, òganizasyon kominotè, legliz, lekòl ansanm ak moun ki enterese nan biznis pou vinn pran fòmasyon sa pou nou ka redwi lamizè epi kreye riches nan peyi a. Nan fen pwogram nan, patisipan yo pral resevwa yon sètifika.

---

## **Enstriktè yo:**

### **Abe Valentin**

Dr. Abe sòti nan peyi Lafrik. Li pran doktora li nan akwakilti nan Inivèsite Auburn. Li te fè rechèch nan Sant Entènasyonal akwakilti sòti 1995 pou rive 1997. Li antre an Ayiti depi 1997 kote lap travay pou devlope akwakilti tilapia sou yon pi gwo echèl. An 2005, li kreye Caribbean Harvest nan Kwadèbòkè ki se pi gwo fèm elevaj pwason tilapia nan Karayib la. Yo rekonèt Dr. Abe kòm yon lidè kap fe yon gwo diferans an Ayiti. Poutèt sa pou lane 2010, gwo jounal ameriken Time Magazine te chwazi li kòm youn nan 100 lidè ki gen plis enfluyans nan mond lan. An 2011, li te resevwa prim Digisèl antreprenè lane a.

### **William Mebane**

Mr. Mebane se direktè Inisyativ pou yon Akwakilti Dirab an Ayiti. Epi tou, li se entandan sekasyon akwakilti nan Marine Biological Laboratories. Li voyaje an Ayiti anpil pou li fè pwomosyon akwakilti, travay sou pwomosyon alimantasyon alternativ tilapia epi tou kom konsiltan nan diferan pwojè. Youn nan denyè pwojè ke li ap travay an Ayiti se Sant Fòmasyon Akwakilti nan Lekol Segondè Anri Kristof ki gen pou montre elèv fè elvaj pwason.

### **Mike Pichetti**

Mr. Pichetti ap dirije pwojè akwakilti pou Operation Blessing International nan Potoprens. Li gen trant lane ekperyans nan elvaj tilapia a nivo komèsyal nan Etazini, Brezil, End, Meksik, Indonezi, Ondiras. Li se prezidan retirete epi ko-fondatè Regal Springs Tilapia, pi gwo fèm tilapia prive nan mond lan ak yon prodiksyon de 50,000 metri ton pa ane. Li se propriyetè Aquasafra Inc., ki se pi gwo ekloseri tilapia nan Etazini. Li se yon ekspè nan elvaj tilapia nan sistèm entansiv, etan, ak kaj. Operation Blessing tabli yon ekloseri tilapia nan Santo.

### **Arielle Adrien**

Dr. Adrien ap kontribye nan amelyorasyon sante nan zòn riral nan Leyogan. Li kwè tout nan devlopman dirab an Ayiti. Fas ak pwoblèm sekirite alimantè peyi Ayiti epi ak prèv ke akwakilti

kap pote anpil chanjman positiv, Dr. Adrien al aprann akwakilti nan Inivèsite Il Vièj. Aprè li rive kreye Kiskeya Aqua Ferme, yon fèm entegre nan Leyogan kòm yon modèl ki kapab adrese pwoblèm sekirite alimantè a, kreye travay nan zòn riral yo, redwi sou migrasyon pou gwo vil yo epi angage Diaspora Ayisyen an kòm patnè nan inisiyativ pou devlopman dirab an Ayiti.

Nou gen lòt pwofesè kap patispe nan pwogram nan tout.

Men diferan sijè pwogram nan:

- Entwodiksyon sou Akwakilti
- Defi ak opòtinite akwakilti an Ayiti
- Bioloji pwason tilapia
- Kalite fisik dlo pou akwakilti
- Teknik pwodiksyon alven
- Sante ak maladi pwason
- Prevansyon ak tretman maladi
- Manipilasyon ak transpotasyon pwason vivan
- Alimantasyon ak nitrisyon
- Konsepsyon ak enstalasyon sistèm akwakilti (kaj, etan, tank)
- Teknik rekòlt pwason
- Sekirite pwodiksyon ak kontwòl
- Netwayaj ak kontwòl fèm elvaj pwason
- Devlopman pwotokòl operasyon yon fèm elvaj

---

**Koòdonatè pwogram nan:**

**Arielle Adrien, M.D.** Fondatè Kiskeya Aqua Ferme, [adrienmd2000@yahoo.com](mailto:adrienmd2000@yahoo.com) Tel: 857-234-1679

**John Walter Charite Pele,** [kiskeyaferme@yahoo.com](mailto:kiskeyaferme@yahoo.com) 011 (509) 3611-3619

**Valder B. Labady,** Farm manager, 011 (509) 3659-0325/3622-9127

**Pwogram entansiv la koute \$400 U.S. oubyen 16,000 goud. Pou enskripsyon, tanpri kontakte [kiskeyaferme@yahoo.com](mailto:kiskeyaferme@yahoo.com) pou yon aplikasyon. Plas yo limite a 20 moun.**

**Lojman:**

Pou moun kap soti lwen, Kiskeya Guest House ofri lojman ak manje pou yon pri redwi pou patisipan ki gen bezwen. Si ou pito lòt otèl oubyen lòt guesthouse wa fè nou konnen.